

Rezime Règleman Asistans Finansyè a

Yale New Haven Health konprann li ka difisil pou kèk pasyan peye bòdwo medikal yo. Se poutèt sa nou gen plizyè pwogram Asistans Finansyè ki la pou ede. Pasyan yo oblige ranpli yon aplikasyon pou Asistans Finansyè epi bay dokiman yo mande pou verifye bezwen finansye yo.

Swen gratis

Ou ka kalifye pou swen gratis si:

- Revni fanmi ou mwens pase 2 fwa edmi Nivo Povrete Federal la; epi
- Ou ranpli yon aplikasyon pou Asistans Finansyè

Swen ak rabè

Ou ka kalifye pou swen ak rabè si:

- Revni fanmi ou mwens pase 5 fwa edmi Nivo Povrete Federal la;
- Ou pa gen asirans sante; epi
- Ou ranpli yon aplikasyon pou Asistans Finansyè

Echèl Mobil

Gen possiblite pou w kalifye pou echèl mobil la si:

- Revni fanmi ou mwens pase 5 fwa edmi Nivo Povrete Federal la;
- Ou pa gen asirans sante; epi
- Ou ranpli yon aplikasyon pou Asistans Finansyè

Kesyon moun poze souvan ak repons yo

Konbyen revni maksimòm yo ka rive pou kalifye pou pwogram nan?

Pou jwenn detay sou nivo revni maksimòm pou chak pwogram, al gade nan www.ynhhs.org/financialassistance.

Èske gen lòt kalifikasyon pou Asistans Finansyè?

Anplis kondisyon revni ou dwe satisfè pou kapab kalifye, ou dwe gen bòdwo resan oswa yon randevou pwogramme epi ou dwe yon sitwayen ameriken oswa rezidan peyi Etazini pou kalifye.

Kisa ki garanti anba Asistans Finansyè?

Pwogram Asistans Finansyè nou yo garanti swen isjans ak lòt swen toujou ki nesesè pou rezon medikal pou bòdwo Yale New Haven Health sèlman. Ou ka jwenn yon lyen ki gen yon lis pwofesonèl swen sante ki garanti yo nan www.ynhhs.org/financialassistance.

Konbyen tan mwen pral kalifye pou li?

Apre yo apwouve ou pou swa Swen Gratis, Swen ak Rabè, oswa Echèl Mobil, ou pral kalifye pou 12 mwa apati dat yo te apwouve aplikasyon an.

Kijan m ap fè konnen si yo apwouve aplikasyon mwen an?

Nou pral reponn chak aplikasyon alekri. Si yo refize aplikasyon w lan, ou ka re-aplike nenpòt ki lè. Gen nouvo finansman pou kabann gratis ki disponib chak ane.

Kimoun mwen ka kontakte si mwen gen lòt kesyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, pou jwenn yon kopi gratis règleman ak aplikasyon pou Asistans Finansyè nou an, oswa pou jwenn èd pou ranpli yon aplikasyon, kontakte Sèvis Finansye ak Admisyon Pasyan nan 855-547-4584.

Lòt Detay sou Pwogram nan

Fon pou kabann ak restriksyon

Yo te fè kado fon pou kabann ak restriksyon pou bay moun ki satisfè kondisyon pou finansman an ka jwenn swen gratis oswa ak yon rabè Ou ka kalifye pou resevwa fon sa yo pou diminye oswa elimine bòdwo ou si ou gen yon bezwen finansye selon sa nominatè fon an demontre epi ou satisfè ou kritè pou kalifye pou resevwa fon sa yo (chak fon gen pwòp kritè li yo). Pa gen okenn limit espesifik sou revni pou fon pou kabann ak restriksyon yo. Nominatè fon yo detèmine kimoun ki kalifye pou fon yo chak moun apa selon difikilté finansye yo. Y ap konsidere tout pasyan ki ranpli aplikasyon pou Asistans Finansyè nan YNHHS la otomatikman pou fon pou kabann ak restriksyon an.

Pwogram Yale New Haven Hospital ki rele "Mwen ak tibebe mwen an"

Pwogram sa a se pou pasyan Lopital Yale New Haven Hospital yo. Li ofri sèvis pou pasyan yo pandan yo ansezt epi gen kèk swen gratis pou yo apre akouchman pou pasyan ki kalifye si:

1. W ap viv nan Konte New Haven.
2. Ou pa gen okenn asirans sante.
3. Revni fanmi w 2 fwa edmi oswa mwens Nivo Povrete Federal la.
4. Ou ranpli yon fòm aplikasyon « Mwen ak tibebe mwen an ».

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou mande yon aplikasyon pou Pwogram Mwen ak tibebe mwen an nan Yale New Haven Hospital, tanpri mande pwofesyonèl swen sante ou a oswa rele nan **203-688-2481**.

Klinik Greenwich Hospital pou pasyan ki pa entène

Klinik Greenwich Hospital pou pasyan ki pa entène a bay swen ak yon rabè pou moun ki aplike epi ki apwouve pou yo vin manm klinik la. Si ou pa gen asirans, epi ou pa kalifye pou Asistans Eta (Medicaid), ou ka kalifye si:

1. Ou se yon rezidan Greenwich
2. Revni fanmi w touche 4 fwa oswa mwens Nivo Povrete Federal la.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon aplikasyon tanpri rele **203-863-3334**.

Yon ti nòt sou pwogram yo

Yo pa pral chaje pasyan ki kalifye pou Asistans Finansyè yo plis pase montan yo faktire nòmalman bay pasyan ki gen asirans pou ijans oswa lòt swen ki nesesè pou rezon medikal. Tradiksyon Règleman Asistans Finansyè, Rezime Règleman Asistans Finansyè ak Aplikasyon nou an disponib pou sèten gwoup moun ki pa pale Anglè byen.

Kijan pou mwen aplike pou asistans finansyè?

Pou rann li pi fasil pou aplike pou asistans finansyè, Yale New Haven Health sèvi ak yon (1) aplikasyon pou pifò pwogram asistans finansyè. Pou aplike, suiv etap yo ki anba a:

Etap 1: Ranpli aplikasyon an.

Tanpri reponn tout kesyon yo epi siyen epi mete dat la sou aplikasyon an. Si yon kesyon gen pou wè ak fanmi ou, tanpri ekri "N/A" (pa aplikab) nan espas yo bay la.

Etap 2: Tache prèv revni ou ak aplikasyon ou an. Prèv revni se yon dokiman ki montre konbyen revni fanmi ou touche nan moman ou ranpli aplikasyon an. Gade tablo ki sou bò dwat la pou w ka wè ki kalite dokiman ou ka itilize.

Etap 3: Voye aplikasyon an pa kourye lapòs oswa pase nan biwo nou.

Tanpri mete:

1. Aplikasyon ou ranpli, siyen, ak mete dat la sou li
2. Prèv revni

Pa kourye lapòs:

Yale New Haven Health
SBO, Attn: Financial Assistance
PO BOX 1403
New Haven, CT 06505

Fas-a-fas:

Pase nan youn nan biwo nou yo nan adrès ki anba a:

Bridgeport Hospital
267 Grant Street, Bridgeport, CT

Bridgeport Hospital – Milford Campus
300 Seaside Ave, Milford, CT

Greenwich Hospital
5 Perryridge Road, Greenwich, CT

Lawrence + Memorial Hospital
365 Montauk Avenue, New London, CT

Westerly Hospital
25 Wells Street, Westerly, RI

Yale New Haven Hospital
20 York Street, New Haven, CT

Yale New Haven Hospital – St. Raphael Campus
20 York Street, New Haven, CT

Pou jwenn plis enfòmasyon, pou jwenn yon kopi gratis règleman ak aplikasyon pou Asistans Finansyè nou an



Pa telefòn:

855-547-4584

Lendi pou rive vandredi 7:30 a.m. - 5:00 p.m.



Sou entènèt:

www.ynhhs.org/financialassistance

Men ki dokiman ou ka itilize kòm prèv revni:

<p>Si revni fanmi ou soti nan ...</p> <p>Salè (Si ou touche yon salè oswa ou touch pa èdtan pou yon travay)</p> <p>Revni pou travayè endepandan (Si w ap travay ak tèt ou)</p> <p>Avantaj (Sekirite Sosyal, Veteran, Konpansasyon Travayè, Chomaj, Pansyon, Fon pou pran retrèt, SSI, pansyon alimantè)</p> <p>Revni nan Lokasyon</p> <p>Enterè, Dividann, oswa Peman Anwite</p> <p>Si ou pa gen okenn revni</p>	<p>Ou ka tache kopi dokiman sa yo kòm prèv revni: (Dokiman sa yo pa dwe gen plis pase sis (6) mwa, sof pou dènye papye taks ou, ki gendwa gen plis tan.)</p> <ul style="list-style-type: none"> - De (2) souch chèk ki pi resan yo, OSWA - Yon lèt patwon ou ekri sou papye antèt konpayi a ki di konbyen èdtan ou travay ak konbyen pou touche pa èdtan (avan taks) <ul style="list-style-type: none"> - Dènye Deklarasyon Taks sou Revni Federal ou (li dwe gen siyati ou sou li) <ul style="list-style-type: none"> - Dènye lèt rekompans ou, OSWA - Etadkont Avantaj yo, OSWA - Souch chèk <ul style="list-style-type: none"> - Kopi kontra lwave oswa akò ekri ki montre pri lwave a, OSWA - Yon lèt ou ekri, ki endike kantite lajan lwave ou resevwa chak ane <ul style="list-style-type: none"> - Dènye Deklarasyon Taks sou Revni Federal, OSWA - Deklarasyon ki soti nan bank ou ki deklare kantite ak konbyen fwa ou resevwa peman epi konbyen ou deja touche ou ane sa a <ul style="list-style-type: none"> - Yon lèt moun k ap ede w la ekri, OSWA - Si ou pa gen yon moun k ap ede ou, voye yon lèt ki siyen epi ak dat sou li ki eksplike sitiyasyon finansyè kounye a
---	--

Aplikasyon pou Pwogram Asistans Finansyè

Yale New Haven Health itilize yon (1) sèl aplikasyon pou piò pwogram asistans finansyè li yo. Lè ou ranpli aplikasyon sa a, y ap konsidere w pou pwogram Swen Gratis, Swen ak Rabè, Echèle Mobil ak Fon pou Kabann yo. Pou enstriksyon sou fason pou aplike w pou asistans finansyè, tanpri al gade nan paj 2. Si ou gen nenpòt kesyon sou aplikasyon sa a, rele nou nan 855-547-4584.

1. Enfòmasyon sou Pasyan an:

Siyati	Prenon		
Nimewo kay ak ri		Dat nesans	
Vil	Eta	Postal Kòd	Nimewo telefòn
			Nimewo Dosye Medikal (si disponib)

2. Enfòmasyon sou Fanmi an:

Ekri non mari/ madanm ou ak / oswa nenpòt timoun depandan k ap viv nan kay ou.
Pa mete moun ki plase ki pa marye. Si ou bezwen plis plas, tanpri tache yon dokiman apa.

Non manm fanmi an	Sa li ye pou aplikan an	Dat Nesans

3. Enfòmasyon sou revni:

Mete enfòmasyon sou tout sous revni pou ou menm ak mari/madanm ou. Ou dwe bay enfòmasyon sou revni pou ou ak mari/madanm ou. Sous revni yo ka gen ladan salè, panson alimantè, sekirite sosyal, alokasyon chomaj, revni ki soti nan kay ou lwe, konpansasyon travayè, ak sipò timoun. Si ou pa gen okenn revni, tache yon lèt sipò ak aplikasyon w lan. (Gade enstriksyon yo nan paj 2)

Non manm fanmi an	Sous revni	Kantite li touche anvan taks	Nan chomaj / Pa gen Revni
		\$ _____ <input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> chak kenzèn <input type="checkbox"/> chak mwa	<input type="checkbox"/>
		\$ _____ <input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> chak kenzèn <input type="checkbox"/> chak mwa	<input type="checkbox"/>
		\$ _____ <input type="checkbox"/> Chak semèn <input type="checkbox"/> chak kenzèn <input type="checkbox"/> chak mwa	<input type="checkbox"/>

4. Asirans Sante:

Èske ou gen pwoteksyon anba okenn asirans sante, ki gen ladan Medicare oswa Medicaid, oswa pwoteksyon nan yon peyi etranje? WI NON

Si repons la se **wi**, tanpri tache yon kopi devan ak dèyè kat asirans ou ak aplikasyon sa a oswa antre enfòmasyon sa yo:

Moun kontra asirans la sou non li:	Konpayi asirans la:	Nimewo kontra asirans la:
Moun kontra asirans la sou non li:	Konpayi asirans la:	Nimewo kontra asirans la:

5. Tanpri, li avèk atansyon anvan ou siyen:

Depi mwen siyen anba a, sa vle di mwen sètifye tout bagay mwen te deklare sou aplikasyon sa a ak nenpòt dokiman mwen kole ak aplikasyon an se verite.

- Mwen konprann nenpòt enfòmasyon ki pa kòrèk, ki pa konplè, oswa ki fo sou aplikasyon sa a ka rezon pou yo refize aplikasyon mwen pou asistans finansyè.
- Mwen bay Yale New Haven Health pèmisyon pou verifye tout enfòmasyon.
- Mwen bay Yale New Haven Health pèmisyon pou mande rapò sou kredi mwen.
- Mwen dakò pou remèt tout montan asistans finansyè mwen resevwa nenpòt kalite peman, tankou rekompans nan yon pwosè, pou sèvis ki garanti nan aplikasyon sa a.
- Mwen dakò pou mete Yale New Haven Health okouran nenpòt chanjman ki ka chanje kalifikasyon mwen pou asistans finansyè.
- Mwen konprann parapò ak aplikasyon mwen pou asistans finansyè, Yale New Haven Health ka bezwen pataje Enfòmasyon Sante Pwoteje mwen (jan yo defini ekspresyon sa a nan HIPAA, 42 CFR Pati 160 jiska 164) pou yo ka detèmine si mwen kalifye.
- Mwen konprann si yo ta pataje enfòmasyon sa yo, l ap pou resevwa peman, yo sa defini nan Règ Pwoteksyon Enfòmasyon Prive HIPAA a.

Siyati moun k ap aplike a oswa responsab legal la

Dat la

Ekri moun k ap aplike a oswa responsab legal la ak lèt yo detache

Sonje pou mete prèv revni oswa yon lèt sipò avèk aplikasyon pou asistans finansyè ou a.

Voye aplikasyon ou fin ranpli yo nan kourye lapòs bay:

Yale New Haven Health
 SBO, Attn: Financial Assistance
 PO BOX 1403,
 New Haven, CT 06505